



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO INISYATIV POU DEVLOPE RESIF
ATIFISYÈL YO SOU ZÒN KÒT LONG ISLAND LAN EPI OGMANTE
BIYODIVÈSITE NAN FLÒ MARIN NEW YORK LA**

***Pi Gran Agrandisman Resif Atifisyèl Eta a pral Ofri Nouvo Abita, Restore Resous
Endistri Lapèch la yo, epi Estimile Ekonomi Rejyon an yo***

***Plis pase 43,000 Yad Kib Materyo Pwòp yo Resikle nan Pon Tappan Zee a ak
5,900 Yad Kib Wòch yo Jete ki pral Sipòte Konstriksyon 6 Resif Atifisyèl yo***

***Anons Gouvènè a pral Sipòte Pwoteksyon Anviwonmantal ak Ekosistèm Marin
Eta a Konjwentman avèk Selebrasyon Semèn Latè a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pi gran agrandisman resif atifisyèl nan istwa eta a pou amelyore flò marin divès New York la ak ranfòse endistri lapèch rekreyativ ak espòtiv Long Island lan yo. Nan kad tou premye pwogram global New York genyen ki pral konstwi resif atifisyèl yo, Gouvènè a te lanse yon inisyativ pou deplwaye materyo ki gen ladan remòkè, baj, ak chalan yo, ansanm ak beton ak materyo pwòp yo resikle nan demolisyon ansyen Pon Tappan Zee a. Materyo yo pral sipòte devlopman sis resif atifisyèl nan Long Island nan sit ki olaj kòt Smithtown, Shinnecock, Moriches, Fire Island, Hempstead, ak Rockaway.

Yo te lanse inisyativ la pandan Semèn Latè a, li pral ajoute sou investisman rekò 300 milyon dola Fon Pwoteksyon Anviwonmantal (Environmental Protection Fund) Gouvènè a, 2.5 milya dola Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act), plis pase 2 milyon dola pwogram Sibvansyon Lanmè New York la (NY Sea Grant Program) pou atenye mare brin Long Island lan, ak mezi yo te pran pou entèdi yo foye foraj olaj zòn band kòtyè New York la.

“Dirabilite ak sante resous maritim New York la enpòtan anpil pou kominote sou bò rivaj nou yo, epi lè nou konstwi abita nan resif sa yo, nou ap investi nan yon ekosistèm marin ki pi divès ak pi solid”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Antanke pwogram konstriksyon pi gran resif atifisyèl nan istwa eta a, efò sa yo pral ogmante biyodivèsite nan marin New York la, ofri nouvo abita pou yon bann varyete koray ak pwason, epi sipòte yon endistri touris kwasan k ap pote anpil milye pechè pwason alaliy ak vwayajè pou vin nan dlo kristalin Long Island lan yo chak ane.”

Sou lòd Gouvènè a, epi avèk kowòdinasyon san presedan ant plizyè ajans yo, materyo Depatman transpò (Department of Transportation, DOT), Canal Corporation, ak Otorite Thruway a te resikle yo pral itilize pou devlope sit resif atifisyèl New York la yo, epi ogmante biyodivèsite abita sa yo pou yon bann varyete pwason ak woma. Konstrisyon premye resif atifisyèl New York la te fèt depi an 1949, epi dènye inisyativ sa a make tou premye efò kowòdone eta ap fè pou ranfòse avantaj anviwonmantal ak ekonomik konplè ki genyen nan resif atifisyèl yo.

Resous marin New York la yo enpòtan anpil pou ekonomi eta a, sa k ap sipòte prèske 350,000 djòb epi jenere anpil milya dola atravè endistri touris, lapèch, ak lòt endistri ankò. Plis pase 500,000 pechè pwason alaliy pral pwofite de avantaj nouvo inisyativ sa a, k ap sipòte ekonomi marin kwasant rejyon an yo ki reprezante apeprè 9.7 pousan nan Pwodui Enteryè Brit (Gross Domestic Product, GDP) total Long Island lan.

Kòmanse an Me, ajans eta a yo pral kòmanse deplwaye 33 baj ki pote materyo yo te resikle nan Pon Tappan Zee a ak 30 bato yo te netwaye retire tout kontaminan yo. Yo pral imèje ak ajoute yon total 43,200 yad kib materyo yo te resikle nan Pon Tappan Zee a, 338 yad kib kondwit an asye ki soti nan DOT, 5,900 yad kib wòch yo jete yo, nan sis sit resif yo nan kad premyè faz inisyativ sa a. Sis resif atifisyèl yo pral devlope yo gen ladan:

Resif Smithtown lan

Yo pral deplwaye twa veyikil maritim ak yon baj ki plen asye pou agrandi resif atifisyèl la ant 8-15 Jen. Resif la ki mezire 1 ekta a sitiye a 3 kilomèt olaj kòt la epi li gen yon pwofondè ant 38-40 pye.

Resif Shinnecock la

Yo pral deplwaye yon baj ki pote materyo Pon Tappan Zee a, yon baj ki pote kondwit an asye yo ak de veyikil maritim pou agrandi resif atifisyèl la kòmanse mèkredi 2 Me. Resif la ki mezire 14 ekta a sitiye a 3.7 kilomèt olaj kòt la epi li gen yon pwofondè ant 79-84 pye.

Resif Moriches la

Yo pral deplwaye de baj ki pote materyo Pon Tappan Zee yo ak de veyikil maritim an Jiyè ak Out pou agrandi resif atifisyèl la. Resif la ki mezire 6 ekta a sitiye a 4 kilomèt olaj kòt la epi li gen yon pwofondè ant 70-75 pye.

Resif Fire Island la

Yo pral deplwaye dis baj ki pote materyo Pon Tappan Zee a, 11 veyikil maritim, yon baj ki pote asye ak kat baj ki pote wòch yo jete pou agrandi resif atifisyèl la ant 26-28 Jen. Resif la ki mezire 301 ekta a sitiye a 3.7 kilomèt olaj kòt la epi li gen yon pwofondè ant 62-73 pye.

Resif Hempstead la

Yo pral deplwaye douz baj ki pote materyo Pon Tappan Zee yo ak 11 veyikil maritim an Jiyè ak Out pou agrandi resif atifisyèl la. Resif la ki mezire 301 ekta a sitiye a 6.1 kilomèt olaj kòt la epi li gen yon pwofondè ant 50-72 pye.

Resif Rockaway a

Yo pral deplwaye yon baj ki pote materyo Pon Tappan Zee yo an Jiyè ak Out pou agrandi resif atifisyèl la. Resif la ki mezire 167 ekta a sitiye a 3 kilomèt olaj kòt la epi li gen yon pwofondè ant 32-40 pye.

DEC ap jere Pwogram Resif Atifisyèl New York la (New York's Artificial Reef Program), ki gen ladan de resif nan Detwa Long Island lan, de nan Great South Bay, ak uit resif atifisyèl nan Oseyan Atlantik la. Gran avantaj konstriksyon resif atifisyèl New York la yo gen ladan amelyorasyon abita ki la deja yo pou ogmante biyodivèsite marin, sa k ap estimile plis ekosistèm akwatik pwodiktif ak divès, epi pwomouvwa dirabilite anviwonmantal atravè amelyorasyon nan abita pwason yo.

Yo konstwi resif la yo apati de estrikti di, ak dirab tankou wòch, beton, ak kondwit an asye yo, epi jeneralman yo sou fòm rès oswa debri materyo yo netwaye retire kontaminan yo. Apre materyo ak veyikil yo depoze anba lanmè a, pi gwo pwason yo tankou globisefala, mori, pwason ba reye pral demanaje pou konstwi abita yo anndan nouvo estrikti yo, epi òganis ankwoutan yo tankou banach, eponj, anemon, koray, ak moul yo ap kole sou yo epi kouvri materyo yo. Tank tan ap pase, tout estrikti sa yo pral kreye abita ki prèske menm jan ak yon resif natirèl.

Konstriksyon resif atifisyèl la fè pati Inisyativ New York Ouvri pou Lapèch ak Lachas (NY Open for Fishing and Hunting Initiative) Gouvènè Cuomo a, ki se yon [efò](#) k ap fèt pou amelyore aktivite lwazi pou pwofesyonèl espòtif fanm kou gason ki soti nan eta ak andeyò eta a yo ak pou estimile aktivite touristik toupatou atravè eta a. Pou plis enfòmasyon sou [Pwogram Resif Atifisyèl](#) DEC a vizite sitwèb DEC a [isit la](#).

Komisè DEC a, Basil Seggos, te di, “Gouvènè Cuomo rekonèt ke agrandisman resif atifisyèl Long Island lan yo pral estimile ekonomi endistri lapèch nou yo. Se yon fason eksepsyonèl ak inovatè pou reyitilize materyo ki soti nan pwojè enfrastrikti eta a yo. Kominote nou yo, pechè pwason alaliy yo, ak anviwonman nou an, yo tout ap benefisye de avantaj efò sa a ak Pwogram Resif Atifisyèl Eta agrandi a”.

Senatè Tom F. O'Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwonmantal (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, “Soti nan konsèvasyon anviwonmantal rive nan transpò enfrastrikti, Eta New York ap trase chemen an sou mete materyo ki egziste deja yo pou yo itilize yo nan fason kreyativ, rantab, inovatè ak efikas”.

Manm Asanble Steven Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble a pou Pwoteksyon Anviwonmantal an (Assembly Environmental Conservation Committee) te deklare, “Mwen kontan anpil pou m wè y ap reyitilize materyo yo netwaye ak enspekte ki soti nan Pon Tappan Zee a ak lòt ansyen enfrastrikti ankò yo nan yon bèl pwojè konsa a. Resif atifisyèl yo ofri opòtinite enkwayab ki pa t ap egziste tankou rechèch, plonje soumarin, ak lapèch alaliy. Yo ap kreye tou abita k ap ankouraje devlopman ekosistèm dinamik, divès yo. Sa se yon bèl egzanp pou sisiklaj epi mwen atann pou m wè rezilta sa pral bay yo”.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, “Gouvènè a te kanpe ansanm avèk nou pandan tout defi nou te konfwonte yo, soti nan enfrastrikti pase nan kalite dlo rive nan ofri resous nou bezwen pou nou ka amelyore kominote Long Island

yo, epi anons sa a kontinye angajman eta a pran pou l pwoteje resous natirèl New York yo. Angajman Gouvènè Cuomo pran pou l konstwi resif atifisyèl nou an yo pral ofri nouvo abita pou espès pwason yo, sa k ap ede yo devlope nan kantite epi ofri endistri lapèch espòtiv, rekreyativ florisant Long Island lan menm plis ankò pou yo atann. Mwen remèsye tout ajans eta a yo ki enplike nan devlopman resif sa yo epi mwen atann avantaj ekonomik inisyativ sa a pral pote pou kominote nou yo”.

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, “Endistri lapèch lejandè Long Island lan gen renonme mondyal. Avèk adisyon materyo pwòp yo resikle sa yo, resif atifisyèl ki olaj kòt nou yo pral devlope vin yon pi gran abita epi ede flò marin nou an divèsifye ak devlope. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l rekonèt opòtinite pou agrandi anviwonman akwatik sa yo epi mwen kontan anpil pou nou akeyi kominote kostal Long Island lan pandan anpil ane k ap vini ankò”.

Sipèvizè Vil Southampton, Jay Schneiderman, te deklare, “Anba lidèchip Gouvènè a, nou te wè endistri touris ak lapèch Long Island lan devlope konstaman ane apre ane, epi se sèten dènye inisyativ sa a ap estimile ekonomi lokal nou yo epi atire menm plis pechè pwason alaliy ak vwayajè vin nan kominote nou yo. Mwen paka tann pou yo depoze materyo resikle sa yo anba dlo nou yo, pandan y ap devlope vin tounen nouvo resif agrandi, epi ede ogmante biyodivèsite anviwonman nou an pandan anpil ane k ap vini ankò”.

Sipèvizè Vil Hempstead lan Laura Gillen te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè a paske l ap investi nan kalite dlo nou yo ak angaje resous pou konstwi resif nou an pou l vin yon anviwonman soumaren ki menm pi laj ankò. Inisyativ sa a se egzaktman jan de investisman resif atifisyèl nou an yo bezwen pou yo devlope, agrandi epi ogmante biyodivèsite marin Long Island lan. Nou atann pou menm plis eksperyans lapèch reyisi pou tout moun”.

Sipèvizè Vil Brookhaven, Edward Romaine, te deklare, “Pwojè sa a Gouvènè Cuomo te anonse jodi a se yon etap pozitif anè pwoteksyon rivaj nou an epi amelyore abita pwason yo. Lè nou kreye resif atifisyèl sa a, aksyon lanm lanmè a yo pral kase, sa k ap pwoteje rivaj nou an kont ewozyon pandan gwo evènman tanpèt yo. Resif la pral atire tou pwason yo pou yo vin nan nouvo anviwonman pwotektè sa a, k ap ogmante popilasyon yo epi ede endistri lapèch rekreyativ nou an”.

Majistra Ocean Beach lan, James S. Mallott te deklare, “Bèl dlo nou yo, ak miryad pwason ki disponib pou lapèch espòtiv ak rekreyativ, atire anpil milye pechè pwason alaliy vin nan Long Island chak ane. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak ajans eta nou an yo paske yo travay ansanm pou yo netwaye ak resikle materyo ki pral ede konstwi ak devlope resif atifisyèl olaj kòt nou an. Nouvo inisyativ sa a pral atire menm plis vizitè pou vin nan kominote nou an epi nou atann pou nou akeyi pasyone aktivite anplennè ki gen tout laj pandan anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

Bill Ulfelder, ki se Direktè Egzekitif The Nature Conservancy nan New York la deklare, “The Nature Conservancy aplodi anons Gouvènè Cuomo fè sou travay y ap fè pou agrandi resif atifisyèl Long Island lan yo. Resif yo benefik pou flò marin lan yo, pechè pwason a amson ak pechè alaliy yo, ak ekonomi lapèch ak lwazi yo. Nan Long Island ak atravè New York ekonomi nou an, sante nou, ak fason nou viv la tout depann

de lanati. Menm jan ak lòt inisyativ Gouvènè Cuomo te anonse resaman gen objektif pou amelyore kalite dlo yo ak revitalize lavi kristase ak lavi nan oseyan yo, anons jodi a se yon viktwa pou pechè pwason New York la yo, kominote kotyè yo ak pou oseyan yo”.

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman an (Citizens Campaign for the Environment, CCE), Adrienne Esposito te deklare, “Oseyan nou yo, endistri lapèch ak anbouchi sen nou yo nan kè kilti maritim nou an. Efò ak pwogram restorasyon pou ogmante biyodivèsite tankou sila sa inestimab pou lavi nan Long Island, dirabilite nou ak avni nou. CCE aplodi Gouvènè a pou konsantrasyon ak angajman l pran anvè anviwonman maritim lan”.

Prezidan Federasyon Lapèch Espòtiv New York la (New York Sportfishing Federation) Capt. Joe Paradiso te deklare, “Federasyon Lapèch Espòtiv New York la aplodi Gouvènè Cuomo pou efò l ap fè pou l redinamize pwogram resif atifisyèl la isit la nan Distri Lamarin New York la. Inisyativ la pral rekonstitiye ak restore resif nou gen deja yo, ki se yon bezwen depi byen lontan, k ap benefik pou pechè pwason alaliy rekreyatif yo ansanm ak ekosistèm resif sa yo sipòte yo. Nou espere siksè “premye pa” sa a pral lakoz kreyasyon nouvo resif atifisyèl alavni yo, sa k ap plis ogmante biyodivèsite ak aksè pou lapèch pou pechè pwason alaliy New York yo”.

Prezidan Rocket Charters la ak Repezantan Konsil Jesyon Endistri Lapèch Mi-Atlantik la, Kapitèn Tony DiLernia te deklare, “Anviwonman maren an di anpil epi resif atifisyèl nou yo kraze tank tan ap pase. Pou yo ka rete pwodiktif, yo dwe ajoute materyo sou resif yo chak kèk ane. Administrasyon resan yo, avan administrasyon Gouvènè Cuomo a, pa te kapab jwenn fason pou yo abòde resif atifisyèl New York yo k ap fin kraze yo. Anons pou devlope ak ajoute materyo sou resif atifisyèl ki ozalantou Long Island lan yo se yon lòt egzanp ki montre dezi Gouvènè Cuomo genyen pou l kreye otan opòtinite posib pou pechè pwason nou yo. Lè yo ajoute materyo sou resif sa yo, pral ogmante kantite pwason k ap disponib yo epi sòti lapèch an fanmi yo pral reyisi”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)